УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№1 (13863)

2024 гъэ, щIышылэм (январым) и 11, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

МахуэщIым къикIыу

## Къэрал нагъыщэ лъагэхэмкIэ

**ИлъэсыщIэм ехъулIэу, Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид республикэм щыпсэу, хэгъуэгум и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа IэщIагъэрылажьахэм нагъыщэхэр яхуигъэфэщащ.**









Махуэщ1ым къеблэгъахэм яхъуэхъукIэрэ, Темрезов Рэшид къыхигъэщащ илъэс блэкIар – къэралым и тхыдэм и зы напэкIуэцIу къызэрызэднэкIар. И хэкуэгъухэм фIыщIэ яхуищIащ Урысейми, Къэрэшей-Черкесми я зыужьыныгъэм хуащI хэлъхьэныгъэм папщIэ, илъэсыщIэмкIэ, мамырыгъэкIэ, ехъулIэныгъэщIэхэмкIэ яхъуэхъуащ.

Мы махуэм нэрыбгэ 28-м къэрал нагъыщэ лъагэхэр хуагъэфэщащ. Апхуэдэу, «Заслуженный работник пищевой индустрии КЧР» щIыхьыцIэр къыхуагъэфэщащ Хъупсырокъуэ Алий, «Заслуженный тренер КЧР» ДыщэкI Зураб, «Заслуженный экономист КЧР» Уэз Уэзир, «Заслуженный артист КЧР» Мысрокъуэ Заурбэчрэ Хьэжырокъуэ СулътIанрэ.

Республикэм и лIыщхьэм къызэрыхигъэщамкIэ, дэтхэнэми илэжь Iуэхум жэуаплыгъэ лъагэкIэ бгъэдыхьэным, республикэм и зыужьыныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ.

«Фэ фхуэдэхэращ зи фIыщIэр ди Хэку ЦIыкIум зэрызиужьыр, ди цIыхухэм я гъащIэр зэрефIакIуэр, фэ фщыщ дэтхэнэри къыдэкIуэтей щIэблэмкIэ щапхъэ зэрыримыкъу щыIэкъым. Къэрэшей-Черкесыр сыт щыгъуи цIыху зэчиифIэхэмкIэ, нагъыщэ лъагэхэр зыхуэфащэхэмкIэ къулейт, ноби аращ», — жиIащ Темрезов Рэшид.

Республикэм и лIыщхьэм къэрал нагъыщэ лъапIэр — «За заслуги перед Карачаево-Черкесской Республикой» бгъэхэIур зритахэм ящыщщ ди лэжьэгъу, «Къарачай» газетым и зы къудамэм и редактор Мамчуевэ Динэ.

**ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ**

«Черкес хэку» газетым и илъэси 100-м хуэкIуэу



Редакторым и псалъэ

## Тхыдэм и хъумакIуэщ. Адыгэм и гъуощ

**Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!**

Япэрауэ, дыфхуохъуахъуэ дэтхэнэми ИлъэсыщIэ дызытехьар угъурлы фхуэхъуну, узыншагъэ фиIэну, гукъыдэж фыщымыщIэну, газетым къыхувиIэ пыщIэныгъэр нэхъри нэхъ быдэ хъуну!

Адыгэ газетым щылажьэхэр 2024 гъэм дыхыхьащ ди пщэ илъ жэуаплыгъэ инымрэ пщэрылъ къызэрымыкIуэмрэ икъукIэ зыхэтщIэу. АтIэ, мы гъэм илъэси 100 ирикъунущ ди хэгъуэгум щыпсэу адыгэхэм ди бзэр — ди адыгэбзэр тхуэзыхъумэ, тхуэзыгъэлъапIэ, тхуэзыIэт, ди лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэр зымыгъэкIуэд, дифI зыгъэлъапIэ «Черкес хэку» газетым и япэ къыдэкIыгъуэр дунейм къызэрытехьэрэ…

ЛIыщIыгъуэ ныбжьым къриубыдэу лъэпкъ газетым къикIуа гъуэгуанэр узыфIэмыкIыжынщ. Ар адыгэм и тхыдэм и зы Iыхьэшхуэщ, мыхьэнэ лъагэ зиIэщ, нэщIэбжьэмрэ гуауэ мыухыжымрэ къела лъэпкъым зыкъиужьыжын папщIэ, Iэмэпсымэ лъэрыхь дыдэщ.

Илъэс зэхуэмыдэхэм газетым фIэщыгъэцIэ зэщымыщхэр зэрихьащ. Ауэ сыт щыгъуи зызымыхъуэжу щытар газетым игъэзэщIа къалэнращ: абы и гулъытэм зэи щIигъэкIакъым адыгэм и блэкIар, и нобэр, и къэкIуэнур. ДяпэкIи, Тхьэм жиIэмэ, аращ зэрыщытынур. Мыбдеж щылажьэхэм, лъэпкъ журналистикэм лъэ быдэкIэ хэт творческэ гупым зыхыдощIэ адыгэ газетыр лъэпкъым и гъуоуэ, тхыдэм и хъумакIуэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Ар едгъэфIэкIуэным ди псэ демыблэжу дытолажьэ.

«Черкес хэку»-м и лIыщIыгъуэ махуэщIыр гъэлъэпIэным епха Iуэхугъуэхэр ди япэ къыдэкIыгъуэм деж щыдогъажьэ. Гу къабзэкIэ къытпыщIа ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ! Дыпоплъэ фи гукъэкIыжхэм!

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ**

2024 гъэр — «Унагъуэм и Илъэс» - щ!

## Куэд тхуэзэфIэкIынущ

«ПщIэ зыхуэсщI си хэкуэгъухэ! ИлъэсыщIэ махуэщIхэр иухащ. Иджы къытпэщылъщ 2024 гъэщIэм и япэ гуащIэдэкI тхьэмахуэр. ИлъэсыщIэ махуэщIхэри рождественскэ дауэдапщэхэри Къэрэшей-Черкесым тыншу, бэIутIэIуншэу щекIуэкIащ. А махуэхэм республикэм и къалэ округхэми, муниципальнэ районхэми Правительствэм хэтхэр, щIыпIэ администрацэхэм щылажьэхэр, узыншагъэр хъумэнымрэ хабзэхъумэ къулыкъухэмрэ я лэжьакIуэхэр, къегъэлакIуэхэр жэщ-махуэ ямыIэу плъыращ. Абыхэм цIыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ хэгъуэгум и уэрамхэм мыхъумыщIагъэ къыщымыгъэхъунымрэ къызэрагъэпэщащ. Дэтхэнэ зыми фIыщIэ фхузощI!

Щхьэхуэу фIыщIэ псалъэхэр яжесIэну сыхуейщ унагъуэхэм япэIэщIэу, зы дакъикъэкIи къэмыувыIэу зауэлI пщэрылъхэр зыгъэзащIэ, зауэ операцэ хэхам хэт ди щIалэхэм. Къэрэшей-Черкесыр, зэры Урысейуэ ди зауэлIхэм дрогушхуэ икIи текIуэныгъэр яIэщIэлъу, узыншэу къагъэзэжыну дапоплъэ!

ПщIэ зыхуэсщI си хэкуэгъухэ! Ди къэралым и Президент Путин Владимир 2024 гъэр Унагъуэм и Илъэсу игъэуващ, Къэрэшей-Черкесым щIалъэгъуалэм и Илъэсу дгъэбелджылащ. Унафэ къэтхьащ унагъуэмрэ щIалэгъуалэмрэ, узыншагъэм, егъэджэныгъэм, социальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм гулъытэ нэхъыбэ яхуэтщIыну. Абы къыдэкIуэу, хэгъуэгум и социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымрэ хуэунэтIауэ лэжьыгъэхэри едгъэкIуэкIынущ.

Дэ къытпэщылъщ Iуэху зэхуэмыдэхэмкIэ гъэнщIауэ щытыну илъэсыщIэр. ИкIи, си фIэщ мэхъу, дызэгъусэмэ, дызэкъуэтмэ, куэд зэрытщIэфынур!

ИлъэсыщIэр хъыбарыфIхэмкIэ, зэхъуэкIыныгъэфIхэмкIэ, фIыгъуэ дахэхэмкIэ гъэнщIауэ щрет!» — хэгъуэгум и Iэтащхьэм щитхащ и телеграм-каналым.

**ДЗЭМЫХЬ Маринэ**

Ухуэныгъэ

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид: «Къэрэшей-Черкес Республикэм сабийхэр тыншу, сыткIи къызэгъэпэщауэ щапIыным хуэунэтIа Iуэхугъуэ куэд щызэфIэха мэхъу».**

## Зэгъэзэхуэжыныгъэхэр

2023 гъэм Къэрэшей-Черкес Республикэм жылагъуэ зэхуэсыпIэ щIыпIэ 12-рэ пщIантIэ 56-рэ муниципальнэ къэхъугъэ 16-м щызэрагъэзэхуэжащ. Яухуащ сабий джэгупIэ, спорт утыкухэр, уэрамхэр къагъэнэхуащ, тIысыпIэхэр трагъэуващ.

Апхуэдэу, Черкесск къалэм цIыхухэр куэду щызэхуэс, зэрагъэзэхуэжа щIыпIэхэм ящыщщ «ХытIыгу ЩхъуантIэ» зыгъэпсэхупIэ паркым ухуэзышэ «каскадная лестница» щIыпIэр, Карачаевск къалэм — Мир уэрамым тет аллеер, Усть-Жэгуэтэ, Преграднэ, Медногорск, Эркен-Юрт, Апсуа, Хьэбэз, Инжыдж-КIыкIун, Псыжь щыIэ цIыху зэхуэсыпIэхэр.

Жылагъуэ зэхыхьэпIэ 12-м языхэзщ Урысейпсо зэхьэзэхуэм проекткIэ къыщыхагъэща, Усть-Жэгуэтэ и купсэ паркыр. Зэхьэзэхуэм бжьыпэр къыщихьащ 2023 гъэм къызэIуаха, Карачаевск дэт «ХытIыгу ЩхъуантIэ» паркым.

Хэгъуэгум и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщащи, мы гъэм гъатхэпэм (мартым) и 15-м щегъэжьауэ мэлыжьыхьым (апрелым) и 30-м нэгъунэ республикэм щыпсэухэм онлайн Iэ IэткIэ ягъэнэIуэфынущ Черкесск, Карачаевск, Усть-Жэгуэтэ, Тебэрды, Медногорск щызэрагъэзэхуэжыну нэхъ яфIэигъуэ аллеер, паркыр, скверыр.

Къыхэгъэщыпхъэщи, «Формирование городской среды» проектыр пхагъэкIын щыщIадзэм щегъэжьауэ, 2024 гъэм икIэм нэгъунэ пщIантIэ 500, жылагъуэ зэхуэсыпIи 150-рэ зэрагъэзэхуэжынущ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

Узыншагъэ

## ПроектыщIэхэр пхагъэкI

Узыншагъэр хъумэным и первичнэ звенор егъэфIэкIуэным теухуа программэр Къэрэшей-Черкес Республикэм щыпхыгъэкIыным адэкIи пащэнущ.

Абы ипкъ иткIэрэ, 2024 гъэм проектыщIэхэр ягъэлэжьэнущ. Абыхэм къапэкIуэу, медико-санитар дэIэпыкъуныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэфIэкIуэнущ. Апщыгъуэми, гулъытэ пажэ ирагъэгъуэтынущ республикэм и щIыпIэ пхыдзахэм.

Телеграм-каналым КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид зэрыщитхымкIэ, проектыщIэхэр пхыгъэкIыным дэIэпыкъуэгъурэ лъэщтэгъурэ хуохъу УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэр.

«ДяпэкIэ къалэныщIэхэр, лэжьыгъэшхуэ къытпэщытщ. Апхуэдэщ ухуэныгъэхэр, зэгъэзэхуэжыныгъэхэр, узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэхэр оборудованэ къулейхэмрэ лъэрыхьхэмрэкIэ къызэгъэпэщыныр», — къыхигъэщащ хэгъуэгум и Iэтащхьэм.

Мы гъэм къриубыдэу амбулаторэщIэхэр дащIыхьынущ Домбай, Кичи-Балык, Джага, Счастливэ жылагъуэхэм.

КъинэмыщIауэ, Новэ Жэгуэтэ, Коста-Хетагурово, Къубинэ дэт амбулаторэхэр зэрагъэзэхуэжынущ икIи а лэжьыгъэхэр икIэщIыпIэкIэ ирагъэжьэну ягъэнэIуащ.

Капитальнэ зэгъэзэхуэжыныгъэфI ирагъэгъуэтынущ Псыжь дэт поликлиникэм, Елтыркъэш амбулаторэм.

Мы гъэм ирагъэжьэнущ Къардэныдж участковэ сымаджэщым и ухуэныгъэри.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

Фэеплъ пэкIум къикIыу

## ЛъэпкъылIым и щIыхькIэ

Къэрал, бэдаущ, жылагъуэ Iуэхузехьэ, Урысей Федерацэм юстицэмкIэ министру щыта, профессор, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, РСФСР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и Iуэхузехьэ, УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, граждан правомкIэ саратов еджапIэр къызэIузыхахэм ящыщ Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэр къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъуам гулъытэ щыхуащIащ республикэ къалащхьэм.

2024 гъэм щIышылэм (январым) и 1-м Черкесск къалэм дэт, Кавказым, Къэрэшей-Черкесым я къуэ щыпкъэ Къалмыкъ Юрэ и фэеплъ сыным и пащхьэ щызэхуэсащ къэрал власть зыгъэзащIэ, хабзэкъэгъэщI къулыкъухэм, адыгэ жылагъуэ организацэхэм я лIыкIуэхэр. ПэкIум хэтащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и Адыгэ Хасэм, Нэхъыжьхэм я Хасэм, щэнхабзэмкIэ Купсэм къабгъэдэкIахэр, лъэпкъ Iуэхум хэлIыфIыхьхэр.

ПэкIур иригъэжьащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэнхэ Алий. Ар къытеувыIащ Къалмыкъ Юрэ и гъащIэмрэ и къекIуэкIыкIамрэ. Нэхъыщхьэуи жиIащ Къалмыкъ Юрэ и илъэс 90-м ипкъ иту мы гъэм къызэгъэпэщыпхъэ лэжьыгъэхэр щыгъэбелджылауэ власть къулыкъухэм тхыгъэхэр зэраIэрагъэхьар.







КъыкIэлъыкIуэу утыкум, псалъэ щыжызыIа, адыгэхэм я Нэхъыжь Хасэм и тхьэмадэ Банэ Абу, Советым и пашэ Даур Борис, лъэпкъ щэнхабзэмкIэ купсэм и унафэщI Шэрджэс Мухьэмэд, лъэпкъ Iуэхум куэд щIауэ хэт Адэмокъуэ Елбэрд сымэ къыхагъэщащ адыгэ унагъуэ къызэрыкIуэм къыхэкIыу къэрал IэнатIэ лъагэ дыдэхэр зезыхьа Къалмыкъ Юрэ и пщIэр цIыхубэм и пащхьэ сыт щыгъуи зэрылъагэр, абы къэралымрэ и гуащIэдэкI лэжьыгъэмрэ, адыгэм хуигъэтIылъа акъыл къызэрымыкIуэр зэращымыгъупщэнур, къытщIэтаджэ щIэблэхэми щапхъэ яхуэхъуу зэрызэIэпахым гу лъатащ.

Апхуэдэуи, нэхъыжьхэм я Хасэм и Советым и тхьэмадэм пэкIум хэтахэр щигъэгъуэзащ адыгэ лъэпкъыр зыщыпсэу къуэш республикэхэми Къалмыкъ Юрэ и фэеплъыр щагъэлъэпIэну лъэIу тхыгъэ хэгъуэгухэм я лIыщхьэхэм зэрыхуагъэкIуам.

КъинэмыщIауэ, адыгэхэми, абазэхэми я къуэ щыпкъэ Къалмыкъ Юрэ и цIэкIэ, «Черкес хэку», «Абазашта» республикэ газетхэм дызэгъусэу номер щхьэхуэ зэрытщIам папщIэ фIыщIэ ин къытхуищIащ. АтIэ, зи гугъу ящIа, А 3 форматым иту тщIа газетыр щIышылэм (январым) и 1-м дунейм къытехьэным гуащIэкIи, мылъкукIи хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэм тхьэгъэпсэу яхужиIащ.

ЖыIэпхъэщи, напэкIуэцI 12 хъууэ, щхъуэкIэплъыкIэу, тхылъымпIэфIым тету дгъэхьэзыра, Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэр илъэс 90 зэрырикъум тедухуа газет къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьэнымкIэ мылъку къытхэзылъхьар КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутат, псапэ Iуэхум хуэжумарт Хъупсырокъуэ Алий Жамбот и къуэращ…

ГукъэкIыж псалъэхэм яужь, пэкIум хэтахэм Къалмыкъ Юрэ и фэеплъ сыным и пащхьэ удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

Къалмыкъ Юрэ теухуа тхыгъэхэм фыщеджэ е 2-3-нэ напэхэм.

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ**



# И гордость, и надежда в имени его!

# ПРОМЕТЕЙ ЧЕРКЕССКОГО НАРОДА

Всякий раз, когда изнывает душа от тоски и отчаяния из-за неодолимого российского неустройства, непредсказуемости власти, непотопляемости олигархии, туманности будущего, с волнением вспоминаешь знаменитые строки: «Времена не выбирают, в них живут и умирают...»

И когда я хочу вспомнить лучшее, светлое, что я в своей жизни видел, - среди тех, кто всех ближе в воображении, среди лиц самых дорогих и прекрасных возникает перед глазами Юрий Калмыков - никогда не тускнеющий его образ с неповторимой доброй улыбкой, умными огромными и задумчивыми глазами.

Он полон внимания, внимательно слушает собеседника, он медлителен в разговоре и ритме больших шагов, ходит вразвалку. Он задумчив и даже мечтателен. И заразительный смех — чистый, веселый, искренний.

Он всегда с людьми и на людях. Всегда одержимый пафосом дружбы, нежным вниманием к людям, потрясающий добротой, душевной щедростью и удивительной простотой в общении с людьми.

Какое интересное было время! И какие люди! И среди них Юрий Калмыков, не похожий ни на кого в оригинальном обличии деятеля, Министра юстиции, крупного ученого и простого горца с ясной и чистой душой, как родник в горах. И поразительная глубина мысли, что «добрые корни дадут только хороший всход, поэтому возрождение корней не должно вызывать страх, напротив, оно дает надежду на человеколюбие, терпимость и взаимопонимание. Поэтому наша цель — возрождение культуры» («Эхо Кавказа» 1994 г. № 1)

Академик Дмитрий Лихачев прозорливо писал: «Память должна иметь прибежище».

Не случайно я назвал Калмыкова Ю.Х. черкесским Прометеем. Как известно, в греческой мифологии Прометей — титан, похитивший у богов с Олимпа огонь и передавший его людям. За это он был прикован к скале и обречен на постоянные муки: прилетавший каждый день орел расклевывал его печень, отраставшую снова за ночь.

В своих воспоминаниях верная и прекрасная супруга Октябрина пишет, что «жизнь Юры не была безоблачной. Его преследовали неприятности: кляузы, отстранение от должности, но он был очень работоспособным, сутками мог работать без сна и отдыха, и этим всегда доказывал своим недоброжелателям несостоятельность их обвинений».

Необходимо особо отметить, что в ноябре 1994 года Министр юстиции России, член Совета безопасности СССР Ю.Х.Калмыков подает заявление об отставке, так как он был не согласен с решение о военных действиях в Чечне. Это был акт высокого гражданского мужества, на который далеко не каждый на его месте был бы способен. Если бы тогдашнее руководство страны прислушалось к его мнению, возможно не было бы таких бессмысленных жертв, не было бы этих жестоких терpактов и постоянного страха за жизнь людей на Северном Кавказе.

Юрий Хамзатович был очень справедливым и абсолютно непрактичным человеком, никогда не искал для себя никаких благ и привилегий. Я в этом убеждался неоднократно за годы нашей дружбы.

У дружбы нет возраста и границ. Мы с Юрием познакомились в 1972 году, когда меня, молодого ассистента Тимирязевской академии отправили в Учхоз «Муммовское» Саратовской области руководить практикой студентов. Как – то в разговоре один из руководителей хозяйства сказал, что в Саратовском юридическом институте, где учится его дочь, работает молодой профессор, черкес, и о нем ходят легенды, что он все лекции читает, не пользуясь конспектами и зал всегда полон. Я попросил взять меня с собой. Два часа я стоял в аудитории, слушал его лекцию завороженно. Когда он закончил читать лекцию, я подошел к нему и представился. Он сказал, что хорошо знает моих родственников. Что у него тоже мать абазинка, но, к сожалению, языка не знает. Тут же пригласил в кабинет и сказал, что мой приезд совпал со знаменательными событиями в его жизни: защитой докторской диссертации, присвоением звания профессора и избранием в должности заведующего кафедрой гражданского права (в то время ему было всего 38 лет).

Потом он пригласил домой, предварительно сказав, что жена с дочерьми уехали на родину, и мы будем по-холостяцки отмечать нашу встречу.

Я был поражен, с какой душевной теплотой и простотой он угощал меня, как он постоянно повторял: «Как жаль, что Оки нет дома», «Вот Ока удивилась бы, что я угощаю тебе колбасой и пельменями», «Как Ока была бы рада». Так он ласково, с любовью называл всю жизнь свою любимую супругу Октябрину.

Я как сейчас помню, как потеплели его глаза, когда я произнес тост на черкесском языке. Потом часто я приезжал в Саратов, знакомил его со своими студентами и аспирантами и они до сих пор с глубоким уважением и любовью относятся к нему. До сих пор помню тревожную и волнующую ночь 3 февраля 1989 года, когда мои дипломники и аспиранты из Саратова сообщали периодически как идет голосование по выборам в народные Депутаты СССР, и какое было всеобщее ликование, когда Калмыков Ю.Х., опередив многих именитых кандидатов был избран Народным депутатом СССР.

Победа Юрия Хамзатовича была символична тем, что она показывала интернационализм и святую дружбу великого русского и маленького черкесского народов. К сожалению, в нынешней России такие редкие случаи являются исключением.

На Съезде народных депутатов Калмыков Ю.Х. избирается председателем Комитета Верховного Совета по законодательству, где проявил себя с лучшей стороны, четко формулировал цели и задачи, тактично погашал страсти, находил оптимальные решения острых политических и правовых проблем.

В августе 1993 года Юрий Хамзатович был назначен министром юстиции Российской Федерации, где активно учавствовал в разработке самого крупного законодательного акта за всю историю России — Гражданского Кодекса. Юрий Хамзатович по праву считается автором этой экономической конституции страны. В это же время он плодотворно занимается научной работой и пишет замечательные статьи:

«Регулирование экономики» (1990), « Основной закон рынка» (1991), « Национальные меньшинства и государственность России» (1992), « Борьба с коррупцией» (1993), «Гуманность не бывает чрезмерной» (1994), «Путь к правовому государству тернист» (1995), «Кавказ со своими бедами и проблемами» (1996).

Многогранную деятельность на федеральном уровне Юрий Хамзатович сочетал с выполнением нелегких общественных обязанностей на посту Президента Международной Черкесской Ассоциации, укреплению единства разбросанной по всему миру адыгской нации. Юрий жил вместе с народом, радуясь его радостям и печалясь его печалям, своим тонким умом и добрым сердцем вдохновлял всех нас. Помню как он радовался, когда мы открыли абазинские и черкесские школы в Москве, как он рекомендовал меня на должность Председателя Совета старейшин Московской черкесской диаспоры. На вопрос одного из уважаемых аксакалов, почему именно меня, Юра со своей неповторимой улыбкой ответил: «Да, в Москве есть много адыгов, которые старше и мудрее его. Но нам нужен мобильный, с неукротимой энергией Председатель. Он не даст ни себе, ни нам покоя, а это сейчас нам очень важно. А советы мы будем ему давать мудрые».

Часто слышу его тихий родной голос и как он говорит мне по телефону: «Ты куда пропал? Ты уже не звонил 2 дня, и мне стало грустно».

Скромный и простой, отзывчивый и добрый, он своей высокой культурой и порядочностью всегда поражал нас, являлся образцом для подражания. Когда по вопросам землячества я приходил к нему в Министерство юстиции, он всегда встречал меня и провожал до выхода. А как мы скромно, тепло отмечали его 60-летие и как он был счастлив в этот вечер.

До сих пор твердо убежден, что Юрий Калмыков является самым великим адыгом (черкесом) всех времен. Он с душевной теплотой отмечал, что «понимание адыгской (черкесской) культуры сводится к 2 основных компонентам: язык и Адыга Хабза. Нет народа без языка, язык – один из признаков нации. Мне доставляет огромное удовольствие, когда слушаю мудрого старца, прекрасно говорящего на родном языке. Адыга Хабза — это совокупность обычных норм, правил, регулирующий поведение человека в любой ситуации – от рождения до самой смерти. Даже уход из жизни требует определенных норм, естественно и мужества. Говорят же, что умирать достойно как и жить, требует мужества». (Калмыков Ю.Х., «Повороты судьбы», Статус, Москва, 2003г., стр.252)

Трагические события в Абхазии стали проверкой мужества и дальновидности Юрия Хамзатовича. В сложившейся критической ситуации необходимо было выработать взвешенную тактику и стратегию адыгского национального движения, без экстремизма, национализма и любых крайностей. С гордостью отмечаю, что наш великий земляк справился с этой задачей успешно. Будучи в Абхазии в сентябре 2003 года на праздновании 10-летия независимости Республики, я был восхищен как абхазский народ с искренней любовью и признательностью относится к Юрию Хамзатовичу, отмечая, что под его руководством родилось адыго-абхазское братское содружество.

Древняя история Кавказа показывает, что судьбу каждого народа решали их лучшие сыновья, и в трагические времена судьба возлагала на них самые суровые испытания. Пройдут годы, десятилетия и мы всегда с гордостью будем говорить, что у нас был свой герой: высокообразованный, эрудированный, разносторонний, гениальный, неповторимый и мужественный.

Он умер так же мужественно, как и жил. Как сейчас помню наш разговор 14 или 15 января 1997 года, когда я отговаривал его лететь в Черкесск на исполком МЧА, так как до этого во время прогулки со своим любимым внуком Аскером он почувствовал себя плохо. Тогда, в конце нашего последного разговора он произнес: «Мне нельзя не ехать, там меня очень ждут. Ничего страшного, я ведь на родину еду умирать».

Ошеломляющая черная весть о смерти выдающегося человека, великого сына всех адыгов, обескуражила всех нас, москвичей 16 января 1997 года.

Когда мне позвонил Борис Акбашев и сказал, что умер Юрий Калмыков и чтобы я собрал Совет старейшин и очень осторожно сказали Октябрине, что Юра тяжело болен и ей необходимо лететь в Мин-Воды, было какое-то потрясение. Самое трудное было когда через час возле дома мы не могли решить как и кто осмелится передать эту страшную весть.

Мы хоронили его в тихий, морозный, пасмурный день в родном ауле Абазакт, и всем нам казалось, что сама природа оплакивала его смерть и скорбила вместе с нами. Осиротела адыгская земля, а вместе с ней Абхазия и весь Кавказ. Мы, адыги, абхазы сегодня стали нравственно беднее. Говорят, время залечивает раны. Но трудно привыкнуть, что никогда больше не увидишь его доброй, светлой улыбки, не услышишь его добрых советов. Мир и достоинство озаряли это благородное, мудрое лицо.

Меняются поколения, одни приходят, другие уходит им на смену. У каждой нации есть свои герои, легенды, которых боготворят и которыми гордятся, имена которых пронесут через века. Для адыгских народов одним из них всегда будет Юрий Калмыков. Само его имя стало символом борьбы и надежд, веры в справедливость и честность, светочем на самых трудных поворотах жизни и судьбы.

**Юрий АГИРБОВ,**
**профессор, доктор экономических наук,**
**Академик Международной Академии Информатики при ООН,**
**заслуженный деятель науки Карачаево – Черкесской Республики, Председатель Совета Старейшин Московской черкессой диаспоры**

# И хъуэпсапIэр дгъэзэщIэн тлъэкIатэмэ



Къалмыкъ Юрэ дэслъэгъуар сыт жыпIэу укъызэупщIмэ, псом япэу жыIэпхъэщ ар цIыху нэхуу зэрыщытар. Абы хэт хуэмызами, иджыри зэ хуэзэжыну, Iуплъэжыну щIэхъуэпст.

Ар къызыхэкIыр, сызэреплъымкIэ, Юрэ цIыхум и Iуэхур нэхъыфI зэрыхъуным хущIэкъуу зэрыщытаращ. Ар ауэ сытми зыгуэрым ирипсалъэтэкъым, атIэ зэрызэфIигъэкIыным пылът. ЦIыхухэм я зэхущытыкIэр — хабзэр, цIыхугъэр — ахэр и гъуазэу Юрэ псэуащ. ИкIи дэтхэнэри аращ дызэрыпсэупхъэр. Уи зэхуаку хабзэ дэмылъмэ, псори зэхэтхъуа мэхъу... ХабзэкIэ цIыхухэр зэхэзыгъэтыну зи гугъахэм я нэхъ пажэу СССР-м Юрэ къыщыунэхуат.

Юрэ сигу нэхъ къызэрызгъэкIыжыр епхащ 1991 гъэм накъыгъэ (май) мазэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэрей зэхуэсым. Апщыгъуэм зэхуэсышхуэ щыIащ: дэнэ щыпсэу адыгэри къекIуэлIат Налшык къалэм. Мис абдеж хэхыныгъэхэр щыщIидзэм щыгъуэ, псоми зэдащтэу Къалмыкъ Юрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ зэхыхьэм и тхьэмадэу хахауэ щытащ

СызэреплъымкIэ, Юрэ иIэ зэхэщIыкIыр и нэгум къищу къыщIэкIынт, къыжьэдэкIыр цIыхухэм я фIэщ хъут...

Сэ дэслъэгъуам нэхъ сыкъытеувыIэну сыхуейщ. 1992 гъэм бжьыхьэм Налшык къалэм цIыхухэм зыкъыщаIэтауэ щытащ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуат хабзэншэу Щэныбэ Юрэ зэраубыдауэ щытар. Ар жылагъуэ, адыгэ, Кавказ Iуэхухэм кууэ хэтт. Ар щаубыдым, Къэбэрдейм щыпсэу адыгэ мин бжыгъэм зыкъаIэтащ. Апщыгъуэм сэри, ди хэгъуэгум щыщ нэгъуэщI щIалэхэри жэщ-махуэ имыIэу Налшык дыщыIащ. ИкIи, апщыгъуэм Къалмыкъ Юрэ гъэщIэгъуэн куэд дэслъэгъуащ. Апхуэдэу, жэщу къалэм дыдэту, Ленин уэрамым тет печатымрэ телевиденэмрэ я унэмкIэ цIыхухэр зэрехьэжьащ. Абдеж къэралыдзэм я БТР машинэм и шэрхъхэр ягъэпщэхри, абы ис экипажыр къралъэфыну зэрахуэт. Зызыгъэбыдауэ машинэм исхэм я нэхъыжь офицерым жиIащ: «Сэ сыникIынущ. Ауэ Къалмыкъ Юрэ къафшэ». Абы къикIыр сыт? Апщыгъуэми дзэм хэтхэм Юрэ зыхуэдэр фIыуэ яцIыхуххэт.

Апхуэдэм цIыхухэр зэщIэзыгъэстыр куэд мэхъу. Апщыгъуэми арат. «Дывгъэгъэси, дыкIэрывгъэкIыж» жаIэт зыгуэрхэми. Ауэ Юрэ и гъуэгур нэгъуэщIт — хабзэр, псалъэр, цIыхухэм я зэхуаку къыдэхъуа зэгурымыIуэныгъэр зэхэгъэкIынрат. Юрэ зэи жиIэнутэкъым ухъуанэу, бзаджэнаджагъэ зепхьэу, унэ зэхэпкъутэу, машинэхэр бгъэуфэрэнкIыу уи Iуэхур зэхэбгъэкIыпхъэу. Абы и щхьэ апхуэдэ зэи къэкIынутэкъым икIи укъыхуриджэнутэкъым.

БТР-мкIэ дгъэзэжынщи, экипажыр зэрылъэIуауэ Юрэ къахуэкIуащ. Абдеж ар си нэIуасэххэти, фIэхъус етхри, Iуэхур зытетыр жетIащ. БТР-м бгъэдыхьэри, исхэм япсэлъэн щIидзащ. Офицер щIалэщIэр къикIри, жиIащ ищхьэкIэ къыхуащIа унафэр зэригъэзащIэр. ЖыIэпхъэщи, ищхьэкIэ иджыри зы унафэ къахьамэ, къалэм иджыри БТР бжыгъэ къыдагъыхьэфынут. Арати, Юрэ офицерым жриIащ ар итIысхьэжыну, земыкIуэжыф БТР машинэр щIалэхэм зэралъэфыжынури къыпидзащ. Апхуэдэуи ящIащ.

Къалмыкъ Юрэ апхуэдизкIэ цIыху хахуэт, гу кIуэцIылъти, абы жиIар пхыкIащ. Абы и цIыхугъэр лъагэт, зыми щышынэтэкъым. И цIыхугъэкIэ, и нэхугъэкIэ цIыху бзаджэнаджэм текIуэт. Апщыгъуэм абы Нало Заур тхьэмыщкIэри и гъусэт. Куэд щIауэ дэтт тIури. Арати, Заур жиIащ: «Юрэ, сезэшащ». «Сэри сезэшащ», — жэуап къитыжащ Юрэ. Абдеж псори зэхэтт, мы псалъэмакъыр куэдым зэхахащ. «Сысымаджэщ», — жиIащ Заур. «Сэри сысымаджэщ», — пидзэжащ Къалмыкъым. «АтIэ, дыгъэкIуэж», — аргуэру жиIащ Налом. «Хьэуэ, дыкIуэжынукъым. ЦIыхухэр зэхэтщ, дэри дыщытынущ», — жиIащ Юрэ...

Мис абы къегъэлъагъуэ Юрэ хэлъа хьэл-щэныр. Езыми пщIэ зыхуищIти, цIыхухэми яхуищIт. Пэжщ, сымаджэт. И лъыр дэкIуей зэпытт. И гъащIэр пIалъэ кIэщIу къыщIэкIащ...

Иджы а Iуэхугъуэ блэкIахэм согупсысыжри, Юрэ хуэдэ цIыху къыкъуэмыкIатэмэ, а цIыху мин бжыгъэм ящыщ куэд, лъэныкъуитIымкIи, а хьэргъэшыргъэм хэкIуэдэнут. Хэт сыт жиIэнкIи хуитщ, апхуэдэ насыпыншагъэр къыщIэмыхъуар зи фIыщIэр Юрэщ.

Куржы-абхъаз зауэр къыщыхъеям, Юрэ хуэдэхэращ цIыху куэд хэмыкIуэдэныр зи фIыщIэу щытари.

Юрэ и хъуапсапIэу щытам сыщыгъуазэщи, ари къыхэзгъэщыну сыхуейщ. 1996 гъэм абы жиIат: «Альберт, си хъуапсапIэр пцIыхурэ? Мы ди къуажэм зы унэ щыдэсщIыхьу сыщыпсэуну... Си ныбжьри хэкIуэтащ, пенсэм сыкIуэмэ, ди къуажэжь сыщыпсэунущ. ПщэдджыжькIэ Инжыдж псыхъуэм сыдыхьэрэ тIэкIу къэскIухь хуэдэу...»

Абы и хъуапсапIэр дгъэзэщIэну тхузэфIэкIатэмэ, сыту дэгъуэт. Унэ дэтщIыхьу, Юрэ и пщIантIэ иIэжу, абдеж хуэгъэпса музей щыIэу... Сыту жыпIэмэ, Юрэ и кхъащхьэм, иригъэджахэм щыщ куэд къуажэм къыхуокIуэ. Ахэр кхъащхьэм бгъэдэсщ, тхьэ хуолъэIу. Ар гъэщIэгъуэнщ. Куэд и уасэщ апхуэдэу ягу укъинэныр. СызэреплъымкIэ, Къалмыкъ Юрэ Тхьэм и пащхьэ напэ хужькIэ ихьэжахэм ящыщщ. И унагъуэр Тхьэм игъэпсэу! Лъэпкъми Юрэ щапхъэ хуэхъуу и гъуэгум дытригъыхьэж! Къалмыкъ Юрэ ди гум илъщ икIи икIынукъым.

**АДЭМОКЪУЭ Елбэрд,**
**жылагъуэ Iуэхузехьэ**

Къалмыкъ Юрэ и фэеплъу

**БЕМЫРЗЭ Мухьэдин**

## Лъэпкъым и зэчийхэр

*Лъэпкъым и зэчийхэр*
*Мыдаущ, мыкIийхэ,*
*КъулыкъущIэ шэнтым*
*хуеIэу зэрымыкъу,*

*Е зи гупкIэ исым*
*Щытхъу уэрэд хуаусу,*
*Къэзылъхуа я лъэпкъым*
*къыхуамыхь емыкIу.*

*Ахэр бегъымбару*
*Хэт игъэхъыбарми,*
*Хэт игъэцIыху Iейми -*
*иремыхъу фи фIэщ:*

*Ахэм уасэу яIэр*
*Я хьилымырщ, я Iэрщ,*
*Я псэм и къабзагъырщ*
*ахэр зыщIыр лъэщ.*

*Лъэпкъым и зэчийхэм*
*Шхын емых я джийхэм,*
*КъыщIадза лэжьыгъэр*
*ямыщIау зэтес,*

*ЛIыгъэкIэ, уэрэдкIэ,*
*УсэкIэ, сурэткIэ*
*Е акъылкIэ гъащIэм*
*пемыхьам къандес.*

*Пэжу, ахэм гъащIэр*
*ЯхуэмыгумащIэ -*
*Лъэпкъ зэчийр нэхъыбэм*
*мэхъу игъуэ нэмыс.*

*Е къигъащIэ тIэкIури*
*ПфIэщIу щихь*
*мэз дэгум, Къохъу*
*закъуагъэм мыхъумэ,*
*зы къащылъымыс.*

*Ауэ лъэпкъ зэчийхэм*
*Гъэхэр яхуэткIийми,*
*Ахэм я гъерэтырщ*
*лъэпкъым и асур,*

*Ахэм къапыкI гуащIэрщ*
*ЗыщIыр щыз мы гъащIэр,*
*Хэт сыт и захуагъми*
*хуэхъур джынасу.*

*«1961 гъэм Саратов сыщеджэу Юрэрэ сэрэ институтым дыщызэрыцIыхуауэ щытащ. Общежитэм зэгъусэу дыщIэсащ: сэ сыстуденту, ар егъэджакIуэу, спорт лагерхэм дыщыIащ, унагъуэ дыхъуа нэужьи, дызэкIэлъыкIуэу щытащ.*

*Юрэ цIыху Iущт жыпIэныр мащIэщ, апхуэдизкIэ абы акъылышхуэ бгъэдэлът, губзыгъэти. Абы къыдэкIуэуи, узыфIэмыкIыжыну цIыху гуапэ дыдэт.*

*Институтыр къэзуха нэужьи дызэкIэлъыкIуащ. Си деж къакIуэри, Къэбэрдей- Балъкъэрым и щIыпIэ дахэхэр езгъэлъэгъуат. ИужькIэ, зэпэIэщIэу дыщытми, дызэрыщIэт, тхылъ итхамэ, къысхуригъэхьт, сэри си IэдакъэщIэкIхэр Iэрызгъэхьэт...*

*Къалмыкъ Юрэ апхуэдизкIэ цIыху щэджащэу щытащи, абы ди гулъытэ нэхъыбэ игъуэтын, къыдэкIуэтей щIэблэм ар щапхъэу ядгъэлъагъун хуейщ».*

**СЭРАХЪЭ Александр,**
**юрист, тхакIуэ, тхыдэдж, публицист**

# ЦIыху щэджащэ

**КЪАЛМЫКЪ ЮРЭ** нэIуасэ сыщыхуэхъуар 1993 гъэм Налшык къалэм МЧА-м и етIуанэ Конгрессыр щекIуэкIаращ. Зэуэ жысIэнщи, а Конгрессым и лэжьыгъэм сэ сыхэтакъым. Арами, адыгэм къытхэкIа цIыхушхуэм — Къалмыкъ Юрэ хуэгъэзауэ куэдым сыщыгъуазэт. А пIалъэм сэ Черкесск къалэм и Iэтащхьэм и къуэдзэу сылажьэт.

Конгрессым къыщахьа унафэм щIэту абы хэтахэр адыгэ хэгъуэгуитIым — Къэрэшей-Черкесымрэ Адыгэ Республикэмрэ кърашэлIэн хуейуэ щытт. А хъыбарыр къыщысIэрыхьэм, хьэщIагъэ ясхыну мурад сщIащ. ЖысIэнщи, апщыгъуэм властым Къалмыкъ Юрэ хуэгъэзауэ и щытыкIэр хьэлъэт. Уеблэмэ а зэманым ди хэгъуэгум и унафэщI IэнатIэм бгъэдэтахэм унафэ ткIий къахьат Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лIыкIуэу Къэрэшей-Черкесым къеблэгъэнухэм зыми гулъытэ хуамыщIыну...

Арами, зэIущIэр фIагъ лъагэ хэлъу къызэдгъэпэщащ, лъэпкъым и напэр тедмыхыу, хьэщIагъэ ин лIыкIуэхэм ятхауэ щытащ. Мис апщыгъуэращ Къалмыкъымрэ сэрэ гъунэгъуу дыщызэрыцIыхуар.

1994 гъэм и пэщIэдзэхэм сэ КъЧР-м и цIыхубэ депутатхэм я Советым (иджы Парламентым) и тхьэмадэм и къуэдзэ IэнатIэр къысхуагъэфащэри, абы сыщылэжьэн щIэздзащ. ИкIи, си лэжьыгъэм ипкъ иту Москва сыкIуэ зэпытт. Абдежми Къалмыкъ Юрэрэ сэрэ нэхъ дыщызэрылъагъут, си чэнджэщ есхьэлIэт, Iуэхугъуэ куэдым дрипсалъэт. Сызытелажьэр швейцар конфедерацэм и щапхъэм, Iэмалым тету паритет лъабжьэ иIэу ди республикэм и Конституцэ дэфтэрыр гъэхьэзырынрат. Мис апщыгъуэм Къалмыкъ Юрэ къызита чэнджэщхэр, уеблэмэ езым и IэкIэ итхыжахэр нобэр къыздэсым зызохьэ.

А лэжьыгъэр дгъэкIуэтэн мурадкIэ, швейцар щапхъэр нэхъ тегъэчынауэ зджын папщIэ, Къалмыкъым сапищIауэ щытащ Европарламентым.

1994 гъэм, Шэшэн Республикэр хьэлэбэлыкъым щыхэтым, Къалмыкъ Юрэ юстицэмкIэ и министр IэнатIэм тету, зауэр щIидзэным махуитI фIэкI имыIэжу, Дудаев Джохар IущIауэ щытащ. Москва къилъэтыкIщ, Минводы щетIысэхри, абы икIри Налшык, адэкIэ Шэшэным и президентым деж...

Дудаевым зэпсэлъэныгъэ купщIафIэ дригъэкIуэкIащ, федеральнэ властым пэщIэувэ зэрымыхъунур, пщIэ зэрыхуэщIыпхъэр гуригъэIуащ. Iуэхур зауэ хьэлэбэлыкъым хэпшэ зэрымыхъунур тегъэчынауэ жриIащ. ИкIи, федеральнэ властым, Президент Ельцин, шынагъуэншагъэмкIэ и Советым хэтхэри Шэшэн Республикэм и унафэщIхэм зы Iэнэ ядэтIысу зэпсэлъэныр Iэмал зимыIэу къилъытащ. Абы Дудаеври арэзы техъуауэ зэбгъэдэкIыжащ.

ШынагъуэншагъэмкIэ Советым хэтхэм я зэIущIэм ирихьэлIэу Къалмыкъыр Москва лъэтэжащ. ИкIи, утыкум къихьэри, Шэшэн Республикэм террорым пэщIэт операцэ ирамыгъэжьэну совбезым хэтхэр къыхуриджащ. ЖиIащ, Дудаев Джохар зэрыIущIар, иужьрейр «зэпсэлъапIэ Iэнэ» тIысыну зэрыхьэзырыр. Ауэ, Къалмыкъым ипэ иту къэпсэлъа Грачёв Павел: «сыхьэтитIым къриубыдэу хьэуадесант IэмалкIэ Грознэ къэтщтэнущ» зэрыжиIам, Юра пэщIэуващ, икIи мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ пэджэжащ: «Кавказым зэщ фоч зэрагъэуэр, ауэ зауэр илъэс 50-кIи иухкъым!.. Iэмал иIэкъым зауэ дыублэну»...

Хэти ящIэж Ельцин Къалмыкъым жиIар фIэмытэрэзу, абы зэрыпэувауэ щытар. Апхуэдэу щыхъум, зы дакъикъэкIи мыгупсысэу, властым иригъэкIуэкI политикэм арэзы зэрытемыхъуэр къигъэлъагъуэу, Къалмыкъ Юрэ юстицэмкIэ и министр IэнатIэм къытекIат...

Франдж къэралым сыщыIэу, телевизор сыздеплъым американ канал гуэрым щекIуэкI «ток-шоу» программам Къалмыкъ Юрэ и цIэр зэрыщыжаIэр си тхьэкIумэ къиIуащ. АтIэ, журналистым жиIэт мыпхуэдэу: «Пащтыхь Урысейми, иджырей Урысей къэралым и тхыдэми къэхъуакъым апхуэдэ IэнатIэ лъагэ зыIыгъа министрыр къэралым щекIуэкI политикэм иримыарэзыуэ отставкэм кIуауэ» жери.

1995 гъэм парламент лэжьыгъэкIэ Москва сраджауэ, Урысейм и Президентым и дэIэпыкъуэгъум, и Администрацэм и унафэщIым и къуэдзэм, щIыналъэхэм ядэлэжьэнымкIэ Департаментым и унафэщIым зыкъысхуагъэзащ. ИкIи, я лъэIу къызахьэлIащ Къалмыкъ Юрэ сепсэлъэну. «Ельцин Борис ищIа щыуагъэр къыгурыIуэжащ, Къалмыкъ Юрэ и пащхьэ зыщиумысыжыну хуейщ» жаIэри. Абы къыдэкIуэуи, Къалмыкъым УФ-м шынагъуэншагъэмкIэ Хабзэхэр ирагъэщIыну лъэIукIэ зыхуагъэзэну зэрыхуейри къыщIагъуэжащ.

Къалмыкъхэ я унагъуэм себлагъэри, Президентым и Администрацэм къызахьэлIа лъэIур я пащхьэ ислъхьащ. «ИгъащIэми апхуэдэ къэзгъэхъунукъым. ИкIи, зыми и «къысхуэгъэгъу» сыпэплъэкъым — дызыпэрыс Iэнэм ину теуэри, хуабжьуи къызэщIэнауэ щытат Юрэ...

Апхуэдэу ди зэпыщIэныгъэр екIуэкIыурэ, Къалмыкъ Юрэ и жэрдэмкIэ МЧА-м и штабыр ди хэгъуэгум къахьыжыну унафэ ящIауэ щытащ. Апщыгъуэми Юрэ къыхилъхьат ДАХ-м и унафэщIу Акъбащ Борис щIыпхъэу, сэ генеральнэ секретару сагъэувыну... ЖысIэнщи, мыбдеж Конгрессыр щекIуэкIыныр хэгъуэгу унафэщIхэм ауи къыддащтэтэкъым. Ауэ жысIащ: «Псыжь и псыхъуэм палаткэ щыдгъэуву едгъэкIуэкIарамэ, адыгэ Конгрессыр зэхэтынущ!» ИкIи, хъарзынэу екIуэкIауэ щытащ.

Мы Iуэхур къызэрекIуэкIам псори щыгъуазэщ. Пщэдей Конгрессыр щыIэнущ жэуэ, жэщым Iуэхугъуэ куэд къэхъури, яубзыхуауэ щыта унафэхэми текIын къахуихуауэ щытащ. АтIэ, сэ МЧА-м и президент IэнатIэм Акъбащ Борис и кандидатурэр къыщызгъэлъэгъуами, хама къэрал делегацэхэр абы арэзы темыхъуэу, Къалмыкъым и цIэр къыхалъхьэри, абы папщIэ Iэ яIэтри, Юрэ мыгугъауэ МЧА-м и президент IэнатIэм техьауэ щытащ. Сэ си пIэкIи генеральнэ секретару нэгъуэщI цIыху хахащ...

Заман токI. Мыхьэнэ ин зиIэ щхьэусыгъуэхэм къыхэкIыу, МЧА-м и Исполкомыр Iэмал имыIэу зэхэшэн хуейуэ Юрэ унафэ къехь. Къалмыкъым къыбгъэдэкIа унафэр зыт: генеральнэ секретарь IэнатIэм сэ сытрагъэувэн хуейт.

ТелефонкIэ зыкъыспищIэри, сыт хуэдэ лэжьыгъэ зэфIэсхын хуейми пщэрылъ къысхуищIащ. Исполкомым и зэIущIэр щыщыIэныр ягъэбелджылащ.

Юрэ дунейм ехыжыным махуищ фIэкI иIэжтэкъым. Кхъухьлъатэм къимытIысхьэ щIыкIэ, и узыншагъэр зэIыхьа пэтми, «сымыкIуэж хъунукъым» жери къафIежьэжащ. Абы ипэ къихуэу, иджыри къемыжьэ щIыкIэ дызэпсэлъат. Исполкомым и зэIущIэр иужькIэ едгъэкIуэкIми псоми къазэрыгурыIуэнур жесIат, и узыншагъэр нэхъапэу къэслъытэу. Ауэ, «хьэуэ... Еджэбэкъуей сынэмысыж хъунукъым» жери къежьауэ щытащ.

Къэрал цIыхушхуэу щыткIэрэ, Къалмыкъым и хьэдэр къыдатыжыным Iуэхугъуэ хьэлъэ куэд пылъащ. Апщыгъуэми хуабжьу зыкъытщIигъэкъуат Ставрополь крайм и прокурору тета Лушников Юрий Михайлович. Абы дакъикъэ 40-м къриубыдэу дызыгъэпIейтей Iуэхур зэфIихауэ щытащ. Абы дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуат ди республикэм зы зэманкIэ щылэжьа, туризмымкIэ советым и тхьэмадэу щыта Куделия Евгений Даниловичи.

Юрэ хэтыну зыхущIэмыхьа зэIущIэр, МЧА-м и Исполкомым и зэхуэсыр, едгъэкIуэкIри, Къалмыкъым къыбгъэдэкIа лъэIум, къигъэна чэнджэщым тету, МЧА-м и генеральнэ секретарь пщэрылъхэр сэ къысхуагъэфэщауэ щытащ.

Иджыри зы Iуэхугъуэм и гугъу сщIынщ. 1994 гъэм Къалмыкъ Юрэ ООН-м (организация не представленных народов) захуигъазэри, адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ организацэм хагъыхьэну лъэIу къыбгъэдэкIауэ щытащ, тхыдэ дэфтэрхэри игъэхьэзырат. Абы ипэ къихуэу, Къалмыкъ Юрэ адыгэ зыщыпсэу, дунейм тет къэралу хъуам захуигъазэри, абыхэм ди лъэпкъэгъуу исхэмкIэ бжыгъэхэр зэщIикъуат (куэдым, псом хуэмыдэу, Тыркум бжыгъэхэр мытэрэзу кърататауэ щытащ)...

А лэжьыгъэр адэкIэ згъэкIуэтэн мурадыр сиIэу, си щхьэкIэ Генеральнэ Ассамблеем сыкъыщыпсалъэри, адыгэм и щхьэм кърикIуа лъэпкъгъэкIуэдыр абдеж япэ дыдэ утыку къисхьауэ щытащ. А къэпсэлъэныгъэр си архивым хэлъщ, сурэтхэри щыIэщ. Уеблэмэ а къэралым къыщыдэкIауэ щыта журналми и япэ напэм адыгэ ныпыр си пащхьэ илъу къытрадзат. Мы Iуэхугъуэр сигу къыщIэкIыжар Юрэ зыщIэхъуэпсар, зыхущIэмыхьар и кIэм нэгъэса зэрыхъуар къэзгъэлъэгъуэнращ.

Ди лъэпкъым и тхыдэм сроплъэжри, Юрэ хуэдэ цIыху лъэрыхь адыгэм диIакъым. Дунейм тетыхункIэ лъэпкъым ифI къызыхэкIыным хуэлэжьащ.

Зы щапхъэ закъуэ къэсхьынщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэр зы къэралым дежи юридическэу щыщIатхэну хуитыныгъэ кърамыту, ар здащIыфар Урысейм дежщ. ЕзыгъэщIари, Уставым и кIэм нэс елэжьари, Къалмыкъ Юрэщ. Апщыгъуэм минюстым мылэжьэжами, апхуэдизкIэ Къалмыкъым и пщIэр лъагэти, и жыIэм фIэкIакъым. Езыр иджыри дунейм тет щIыкIэ организацэр хабзэм тету щIатхауэ щытащ. Ар зыхузэфIэкIар лъэрыхькъэ?! Нобэ адыгэр дызэзыпхыу утыку ит Дунейпсо организацэм и фIыщIэщ ди лъэпкъыр дызэрызэкIэрымыхур.

Гуапэщ, Къалмыкъ Юрэ и гъащIэ гъуэгуанэ здыщикIуа Саратов къалэм, здэлэжьа университетым егъэджакIуэ щыпкъэм и пщIэр зэраIэтыр, ягу зэримыхур. АтIэ, сигу къокIыж 1998 гъэм «Къалмыкъ Юрэ и аудиторие» университетым къыщызэIуахыу дызэрырагъэблэгъауэ щытар. Мы Iуэхугъуэ дахэм сэри, Акъбащ Бориси, Къалмыкъ Юрэ иригъэджа Эбзеев Бориси дыхэтауэ щытащ.

Къалмыкъ Юрэ и цIыху щIыкIэу щытар, абы бгъэдэлъа акъыл мыкIуэщIыр, хэлъа цIыхугъэр зэрытщыгъупщэн щыIэкъым.

**ХЬЭТЫКЪУЕЙ Мурат,**
**1997 - 1998 гъэхэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и генеральнэ секретару щыта**





# Си ныбжьэгъуфI Къалмыкъ Юрэ

КЪАЛМЫКЪ ЮРЭ нэIуасэ сыщыхуэхъуар 1957 гъэм бжьыхьэ мазэращ, и ныбжьыр илъэс 23-м иту, Ленинград университетыр къиухыу унэтIыныгъэкIэ Хьэбэз къуажэм къыщагъэкIуа, хьэкумыщIэм и къуэдзэу лэжьэн щыщIидза пIалъэращ.

Сэ райкомым и инструктору сылажьэкIэрэ, щIэх нэIуасэ дызэхуэхъури, фIыуи дыкъызэрыцIыхуащ, дызэпыщIаи хъуащ. А зэманым сэ Юрэ и адэ Хьэмзэт фIыуэ сцIыхуххэт. Къалмыкъ Хьэмзэт Черкесск облисполкомым и тхьэмадэм и къуэдзэу лэжьащ, СССР-м и Ищхьэ Советым и депутатуи хахауэ щытащ.

Щыхубэ хьэкумыщIэхэр хэхынымкIэ компанэр щIидзауэ, ди районым зи кандидатурэ щагъэлъагъуэр Къалмыкъ Юрэт. Сэ жэуаплыгъэ зиIэ пщэрылъ къысхуащIат хэхыныгъэхэр егъэкIуэкIыныр си нэIэм щIэтыпхъэу. Гу зылъытапхъэщи, апщыгъуэм СССР-м и цIыхубэ хьэкумыщIэхэр районым щыпсэухэм хахт илъэсищ пIалъэкIэ. ХьэкумыщIэр — щIыпIэ власть къулыкъухэм зыкIи япхатэкъым, ахэр зэдэIур хабзэ закъуэрат. ХьэкумыщIэм цIыху гуащIэрылажьэхэм я хьэлэмэтхэр имыхъумэу, социалистическэ хабзэм къигъэув щытыкIэхэр, и пщэрылъхэр имыгъэзащIэу щIидзэмэ, ар хэзыхахэм трагъэкIыжыфынут, нэгъуэщI хьэкумыщIэкIи яхъуэжыфынут...

Апхуэдэу, ди районым дежи хэхыныгъэ компанэм щIидзэри, сэ сыщIыгъуурэ районым хыхьэ къуажэ, жылагъуэ 15-м къыщыткIухьащ, Къалмыкъ Юрэ зихуэдэр ядгъэцIыхуу. Езыри хэхакIуэхэм нэгъэсауэ, Iэзагъ хэлъу япсалъэт, абыхэм къабгъэдэкI, цIыхухэр зыгъэпIейтей упщIэхэм жэуап нэс яритт. Апщыгъуэм гу лъыстауэ щытащ Юрэ бгъэдэлъ акъылышхуэм, зытелажьэ IэщIагъэм зэрыхуэIэижьым, цIыхум хэлъын хуей нэхъ хьэл-щэныфI дыдэхэр къызэребэкIым. И ныбжьым емылъытауэ сыт хуэдэ упщIэми кууэ хищIыкIт, емыгупсысауэ зы псалъэ жиIэнутэкъым.

Хэхыныгъэхэр ехъулIэныгъэ хэлъу едгъэкIуэкIри, Хьэбэз районым и цIыхубэ хьэкумыщIэ хъуащ Къалмыкъ Юрэ. ИкIи, щIалэр еджэным хуэпабгъэу, щIэныгъэ зригъэгъуэтыным хущIэкъуу зэрыщытым и фIыщIэкIэ, илъэситI текIри, Саратов къэрал юридическэ институтым и аспирантурэм щIыхьэн лъэкIащ.

Илъэс къэс зыщалъхуа хэку цIыкIум къыщыкIуэжкIэ, дызэIущIэт, гуапэу дызэпсалъэт. Сэ сыкъапщтэмэ, набдзэгубдзаплъэу сыкIэлъыплът егъэджэныгъэ, щIэныгъэ я лъэныкъуэкIэ Юрэ зыIэригъыхьэ ехъулIэныгъэхэм. Сигу къэмыкIыж хъукъым ди щIалэгъуалэм юридическэ IэщIагъэ зрагъэгъуэтынымкIэ Юрэ псэемыблэжу дэIэпыкъуэгъу зэрыхъуу щытар.

Къалмыкъ Юрэ ди къэралым цIэрыIуэ щыхъуащ къэрал, жылагъуэ Iуэхузехьэ лъэрыхьу зэрыщытамкIэ. И щIэныгъэкIи, и хьэлкIи щIэныгъэ-лIегъэджакIуэу, къызэгъэпэщакIуэ лъэрыхьу щыткIэрэ, академическэ кафедрэм хэбэкъукIри, иджыри зыри зыхимыщIыкIым хэбэкъуат — 1989 гъэм СССР-м и Щыхубэ депутату хахащ, икIи, къэралым и политикэ, жылагъуэ гъащIэм и курыкупсэм хэуващ.

Апщыгъуэм абы нэхъ щхьэусыгъуэ симыIэу Юрэ Ищхьэ Советым и депутат зэрыхъуам, хэхыныгъэхэм зэрыщытекIуам папщIэ сехъуэхъуну Москва сыкIуауэ щытащ. Гуимыхуж зэIущIэт ар. Си ныбжьэгъу нэхъыщIэхэр: медицинэ академием и доцент Даур Борис, абы и къуэш, Бауманым и цIэр зезыхьэ МВТУ-м щеджа Даур Мурат сымэ сащIыгъут...

АдэкIэ Юрэ и гуащIэдэкI гъуэгуанэр дэкIуеипIэ нэхъ лъагэхэмкIэ бакъуэурэ кIуэташ. Абы псори щыгъуазэщ.

Къэралым и IуэхущIакIуэшхуэу зэрыщытым, пщэрылъ хьэлъэхэр зэригъэзащIэм къыдэкIуэу, Юрэ жыджэру хэлэжьыхьт лъэпкъ зэщIэхъееныгъэхэми. АтIэ, илъэс зэхуэмыдэхэм ар щытащ къэбэрдей лъэпкъым и Конгрессым и тхьэмадэу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм (МЧА) и президенту. ИкIи, дэнэ дежи Юрэ къэнэжт цIыху къызэрыкIуэу, гуапэу, хэти дэIэпыкъуну, щIэгъэкъуэн зыхуищIыну хьэзыру.

Гъэсэныгъэ, щэнхабзэ лъагэ зыхэлъу, пэжщIэкъуу зэрыщытар ар къэзыухъуреихь цIыхухэм ямыгъэщIэгъуэн ялъэкIтэкъым, икIи, хэт и дежкIи щапхъэт.

И гъащIэр къызэригъэщIамкIэ абы игъэщыпкъащ зэныбжьэгъугъэмрэ фIылъагъуныгъэмрэ уасэ ин зэраIэр. КъуэфIт, щхьэгъусэфIт икIи адэфIт, унагъуэ нэрыбгэт. Зы дакъикъэкIи игу ихутэкъым, псэкIэ пыщIат зыщалъхуа республикэм, и хэгъуэгур зыгъэпIейтей, зыгъэгумэщI Iуэхухэм щыгъуазэт, ахэр зэфIэхынми и гуащIэ ин хилъхьэт. АтIэ, ди хэгъуэгум и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, лъэпкъхэм яку зэныбжьэгъугъэ, фIылъагъуныгъэ зэпыщIэныгъэ ин дэгъэлъыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа цIыху щэджащэщ Къалмыкъ Юрэ.

Абы бгъэдэлъа акъылыфIагъым, гъэсэныгъэ иным Юрэ адрейхэм къахигъэщт. Апхуэдиз къару, къэкIуэн зиIэ цIыхур и унагъуэ закъуэм епхауэ щытыныр щыуагъэшхуэт. Абы къыхэкIыу, Юрэ — къэралым и цIыхушхуэт, икIи срогушхуэ апхуэдэ цIыху щэджащэр сцIыхуу, си ныбжьэгъуфIу зэрыщытам, сыкъыдэгъуэгурыкIуэну си насып къызэрихьам.

**АРЭШЫКЪУЭ Къанщауэ,**
**зауэмрэ гуащIэдэкIымрэ я ветеран,**
**2019 гъэ**

## Къалмыкъ Юрэ и фэеплъу

ГЪУКIЭКЪУЛ Даут

## Шыхулъагъуэу къонэж

*ЦIыху гъащIэ*
*бжьыгъэншэ*
*гъэнщIауэ нэмыскIэ,*
*Сыт щыгъуи щыкуэду*
*щытакъым дунейм.*
*Псэхэхыр а мащIэ*
*нэхъыфIхэм щанэскIэ,*
*Жьы щIыIэр*
*къыфIопщэр хэт*
*щыщми зигу хейм.*
*Мис нобэ аргуэрым*
*ажалым и жьапщэм,*
*ЦIыхугъэм щыщ бгышхуэ*
*зыхэтщIэу гуегъэу,*
*Кавказым и бынхэу*
*и жьэгу ер*
*къыщIэпщэм,*
*ГуауэщIэр хы щIэншэу*
*я гущIэм къыщоу!*
*Уэсыбг къытеуар*
*адыгэгум*
*дагъэву,*
*Зэш лъэпкъхэр*

*Къалмыкъхэ я деж*
*щызэхуос,*
*Лъэпкъ пашэу диIатэм*
*ем бгыуэ пэуву,*
*Къисащи и щIыIум*
*нэщI мазэм и уэс.*
*Псэхэх зыщтэжам, Юрэ,*
*уи псэ нурыбэр,*
*Тхьэ лъапIэ*
*къытпэплъэу*
*уэм итым хуехьыж.*
*Гу лъетэри Тхьэм*
*зэрыгуIэм цIыхубэр,*
*Уэ уи псэр дыгъэпсу*
*зигу хейм къыдетыж.*
*Акъыл щыпсэуар щIым*
*цIыху гъащIэ узэхуу,*
*Щыхугъэм и щапхъэу*
*дунейм къытонэж.*
*Жэщ уэгум и вагъуэ*
*къилъауэ мыужьыхыу,*
*Ар лъэпкъым и гущIэм*
*шыхулъагъуэу къонэж!*

*«Къалмыкъ Юрэ иджыри псэу щIыкIэ адыгэ-абхъаз лъэпкъым и пашэ цIэ лъапIэр къилъэщауэ щытащ. Абы бгъэдэлъа акъыл мыкIуэщIращ къызэщIэзыIэтар Ищхъэрэ Кавказым щыпсэу, лъыкIэ къытхыхьэ ди къуэшхэр, хамэ хэку щыпсэу адыгэ куэд дыдэ Абхъазым щыпсэу лъэпкъ цIыкIум и телъхьэу, и хъумакIуэу къыщыувам.*

*Куржы Къэрал советым и дзэм я тхыр зэпызыуда, добровольческэ зэщIэхъееныгъэм и къежьапIэм щытар Къалмыкъ Юрэщ.*

*АбыкIи парт-номенклатурэ унафэщIхэм я еплъыкIэм, унафэм нэхърэ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я къарур нэхъ лъагэу зэрыщытар къагъэлъэгъуащ.*

*Доброволец щэ, мин бжыгъэ къуэш абхъазхэм ядэIэпыкъуну кIуауэ щытащ партхэм, зэщIэхъееныгъэхэм я унафэм щIэмыту, я псэм къахуищI унафэмрэ хабзэмрэ тету, адыгэ цIыху щэджащэ — Къалмыкъ Юрэ и къыхуеджэныгъэм щIэту.*

*Къалмыкъым хузэфIэкIащ ди зы лъэпкъэгъуми лъэмыкIа Iуэху телъыджэ — лъэпкъ цIыкIухэр зэщIиубыдэу, абыхэм я къарур зэришалIэу, бийм пэувыфа, зыуэ щыт фронт лъэщ къызэригъэпэщын. Ар ди гум игъащIэкIи къинэнущ щIыхьым, лIыгъэм, гъэсэныгъэ иным, хьэлщэн нэхъыфI дыдэхэр зыхэлъа цIыхум и щапхъэу».*

**СОСНАЛЫ СулътIан (1942-2008 гъ.гъ),**
**Абхъаз Республикэм лъэпкъ зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта,**
**Абхъаз Республикэм и ЛIыхъужь**

Социальнэ гъащIэ

**ИлъэсыщIэм ипэ къихуэу, Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм, курыт еджапIэхэм, Черкесск къалэм дэт, цIыхухэр къезышэкI автотранспорт предприятэхэм я унафэщIхэм машинэщIэ 33-м я IункIыбзэхэр яритыжащ. Апхуэдэу, ди хэгъуэгум къыIэрыхьащ еджапIэ автобус 15, «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» 12, жылагъуэ транспорту автобуси 6.**

# МашинэщIэхэм къахэхъуащ



Республикэм и Iэтащхьэм УФ-м и Президент Путин Владимиррэ Урысейм и Правительствэмрэ фIыщIэ яхуищIащ мыпхуэдэ дэIэпыкъуныгъэм папщIэ икIи жиIащ сабийхэмрэ республикэм щыпсэухэмрэ хъунщIэпсынщIэу медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтыным папщIэ гупсэхугъуэу псори къызэгъэпэщыныр зэрынэхъыщхьэр.

ЕджапIэхэм ирата автобусхэр зэманым къигъэув мардэхэм, сабийхэр шынагъуэншэу къешэкIыным тегъэпсыхьащ. Абы щыщу автобус 13 ди хэгъуэгум и муниципальнэ районхэм яIэрыхьащ, 2-р Черкесск къалэм дэт курыт еджапIитIым ялъысащ.

Район сымаджэщхэр, поликлиникэхэр, цIыхухэм я узыншагъэр хъумэнымрэ медицинэ профилактикэмрэкIэ республикэ купсэм «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэхэр» иратащ. Зыхуэныкъуэ оборудованэкIэ къызэгъэпэща специализированнэ автотранспортыр Черкесск къалэм дэт, «Станция скорой медицинской помощи» IуэхущIапIэм хуагъэфэщащ.

Къэрэшей-Черкесым и автопаркым автобуси 6 къыхэхъуащ. «Нобэ къытлъыIэса хэхъуэр щIыналъэр дызыхуэныкъуэ дэIэпыкъуэгъушхуэщ. Иджы Iэмал диIэ хъуащ къуажэхэм щыIэ медицинэ IуэхущIапIэхэр, еджапIэхэр зыхуэныкъуэ транспорткIэ къызэдгъэпэщыну. Аращи, тхужыIэнущ еджапIэхэр, сымаджэщхэр автомашинэщIэхэмкIэ хьэлэмэту къызэгъэпэщауэ. УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ, щIыналъэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм, еджапIэхэм, социальнэ мыхьэнэ зиIэ къулыкъущIапIэхэм я автотранспортыр ефIэкIуащ. 2017 гъэм къыщегъэжьауэ ди хэгъуэгум автобусыщIэ 200, сымаджэщхэм «ДэIэпыкъуэгъу псынщIи» 100-м щIигъу къаIэрыхьащ. Абыхэм щыщу 13-р реанимобилщ. Узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным, цIыхухэр шынагъуэншэу къешэкIыным зегъэужьыным яхьэлIауэ Урысейм и Президентым къытхуищIа пщэрылъхэр адэкIи дгъэзэщIэнущ», — жиIащ Темрезов Рэшид.

ИлъэсыщIэм ехъулIэу ята машинэщIэхэм щыщ я насып къихьащ Хьэбэз районым хыхьэ Али-Бэрдыкъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэмрэ район сымаджэщымрэ.

— Нобэ къытхуащIа гулъытэм хуабжьу дыщыгуфIыкIащ. ЕджапIэм диIэ автобусым нэрыбгэ 16-т ихуэр. ИлъэсыщIэм ехъулIэу къыдата автобусым тIысыпIэ щIыпIэ 31-рэ иIэщ. Абы и фIыгъэкIэ, зыщIыпIэ тшэн хуей хъумэ, сабий нэхъыбэ къызэщIедгъэубыдэфынущ. Ар зэманым тегъэпсыхьа еджапIэ автобусщ. Нэхъыщхьэр аращи, сабийхэр шынагъуэншу къызэрепшэкIыну IэмалхэмкIэ къызэгъэпэщащ. Мыпхуэдэ илъэсыщIэ саугъэт къытхуэзыщIа ди унафэщIхэм фIыщIэ яхудощI, — жиIащ Али-Бэрдыкъуэ къуажэ курыт еджапIэм и унафэщI Бахътыр Фаридэ.

— Гъэ къэс республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид илъэсыщIэм ехъулIэу, дызытехьэ гъэщIэм дрилэжьэну мыпхуэдэ машинэщIэхэр къыдет. Мызыгъуэгум къыдата «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэр» ПсэукIэ-Дахэ участковэ сымаджэщым яттынущ. Къапщтэмэ, мыпхуэдэ машинэу район сымаджэщхэм плIы щолажьэри, псори щIэщ. Ахэр щIэуэ зэрыщыт закъуэракъым дызыщыгуфIыкIыр, атIэ, сымаджэ хьэлъэр реанимацэм къынэпшэсыфыну лъэкIыныгъэ къызэрыуитращ нэхъыщхьэр. Сымаджэм жьы хуэмышэмэ, ар зэребгъэшэну, щIыIэм исмэ, зэрыбгъэхуэбэну IэмалхэмкIэ машинэ кIуэцIыр къызэгъэпэщащ. Сэ дохутыр нэхъыщхьэу лэжьэн щыщIэздзам диIахэр санитар машинэ. Иджы ахэр зэманым декIуу «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэхэмкIэ» зэтхъуэкIащ. Абы къинэмыщIауэ, нэхъ хьэлъэ дыдэхэр республикэ сымаджэщхэм е нэгъуэщI хэгъуэгухэм псынщIэу зэрытшэфыну машинитIи диIэщ. Абы къегъэлъагъуэ цIыхухэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ядгъэгъуэтыр зэрефIэкIуар, — жиIащ Хьэбэз район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Iэмин.



**ЕЗАУЭ Маринэ**

Щыгъуэ



Илъэсыжь дгъэкIуэтам ди лъэпкъым и къуэфI, хэкупсэ-лъэпкъыпсэу дунейм тета, щIы хъурейм щипхъыхьа адыгэм и тхыдэм зи цIэр мылIэжыныпсэу къыхэзына цIыху щыпкъэ тхихыжащ —

**ХУТЭ Михаил Исмэхьил и къуэр**

дунейм ехыжащ.

Ар 1953 гъэм мазаем (февралым) и 12-м Али-Бэрдыкъуэ къуажэм къыщыхъуащ. Михаил и гъащIэр — лъэпкъым гукIи псэкIи хуэлIыщIэным и щапхъэщ. А лIы щыпкъэращ дуней хъурейм япэ дыдэ зыхузэфIэкIар Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ сын гъэувыныр. Хэти яцIыхуж а Iуэхур къызэрекIуэкIар, 1989 гъэм и зы жэщ кIыфIым Хьэгъундыкъуей адыгэ къуажэжьым дэт Iуащхьэжьым фэеплъ мывэ къызэрытеувауэ щытар. Абы зи фэеплъ игъэщыпкъэр зи Хэкум и щхьэхуитыныгъэм щIэзэуа, Кавказ зауэм зи щхьэр щызыгъэтIылъа адыгэхэрат. Апхуэдэ лIыгъэр зыхузэфIэкIар Хутэ Михаилт.

Псэ къару быдэ зыхэлъа, къызыхэкIа и лъэпкъым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я хъумакIуэ емышыжу щыта, щIыхь ин зыбгъэдэлъ къуэфIу лъэпкъым игу къинэнущ Михаил.

АдыгэлI нэсу щыта апхуэдэ цIыхушхуэр зэрытхэкIыжар гущIыхьэ ин тщыхъуауэ, хэщIыныгъэ зыгъуэта Хутэхэ, зэрыадыгэ лъэпкъыу, къыдалъхуахэмрэ и Iыхьлыхэмрэ дахуощыгъуэ. Дунейм ехыжар Тхьэм жэнэткIэ игъэгуфIэ.

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм, ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэр**

**КъЧР-м и Адыгэ Хасэм и Советым хэтхэр**

**«Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэхэр**

«Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ин тщыхъуащ Иорданием къикIыу къытIэрыхьа хъыбар гуауэр. И ныбжьыр илъэс 50 фIэкIа мыхъуу дунейм ехыжащ адыгэ бзылъхугъэ нэс

**ХЬЭФIЫЦIЭ (ШЫФЭКЪУЖ) Данэ Мухьэмэд и пхъур.**

Ди гум къыбгъэдэкIыу дыхуощыгъуэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Данэ и унагъуэм, къыдалъхуахэмрэ и Iыхьлыхэмрэ. Тхьэм хэщIыныгъэ хьэлъэр шэчыгъуафIэ фхуищI.

# Лъэужь дахэ



Данэ къыщалъхуари и сабиигъуэр здырихьэкIари Налшыкщ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ. Илъэс 25-рэ хъуа нэужь, Иорданием, Амман щыщ адыгэ щIалэм унагъуэ дищIэри, а къэралым щыпсэуащ, зы пщащэ иIэщ.

Ди лэжьэгъу нэхъыжь Iумахуэ, пщIэшхуэ зыхуэтщI ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и пщащэ Данэ адэм хуэдэу адыгэгуу, цIыхугъэрэ гущIэгъурэ хэлъу дунейм тетащ.

Иорданием кIуа нэужь, куэдрэ гупсысакъым IэщIагъэ ищIынымкIэ. И гъащIэ псор адыгэ Iуэхум, хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм я щыIэкIэ-псэукIэр зэгъэщIэным, абыхэм сэбэп яхуэхъуным, хэкум къэкIуэжынымкIэ защIэгъэкъуэным, къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэр, бзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъумэным, зегъэужьыным тезыухуа и адэм хуэдэу, Данэ хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ нэхъри зэпыщIа хъуным, хамэ щIыпIэр натIэ зыхуэхъуа ди къуэшхэмрэ шыпхъухэмрэ я щIэблэм зэрыадыгэр ящIэу гъэсэным пэрыуващ икIи и гуащIэ Iыхьэшхуэ хилъхьащ. Ар илъэс 23-кIэ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэу щылэжьащ Амман дэт, пащтыхьыкъуэ Хьэмзэ и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм. Иорданием щыпсэу адыгэ сабийхэр хабзэм хуэгъэсэным, адыгагъэр яхэлъхьэным, анэдэлъхубзэр ягъэщIэным махуэ къэс телэжьащ а бзылъхугъэ щыпкъэр.

И лэжьыгъэр игу дыхьэу, адыгэхэм хьэрыпхэм къыхуащI пщIэм ирипагэу, абы щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр хамэхэм яхэмышыпсыхьыжыным и къару хилъхьэу, и Хэкур, и адэр, адэшыпхъухэр зыпищI щымыIэу псэуащ Данэ, лъэужь дахи къигъэнащ.

ХьэфIыцIэ Данэ и цIэр «зыгъэпсэун» зэчий бгъэдэлъащ, усэ дахэхэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Абы и тхыгъэхэр къытрадзащ «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь», «Черкес хэку» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нарт» (хьэрыпыбзэкIэ) журналхэм.

*Сэ сфIэфIт си усэр куэдрэ мылIэжыну.*

*Сэ сфIэфIт ар хъуну мыкIуэдыж фэеплъ.*

*Иухмэ Тхьэшхуэм сэ сыщIалъхьэжыну,*

*Усэ сатырхэм къыпхуаIуатэм еплъ...*

Данэ игъуэнэмысу тхэкIыжами, абы и IэдакъэщIэкIхэр куэдрэ псэунущ гъащIэм и купщIэмрэ гурыщIэм и щэхухэмрэ шэрыуэу къаIуатэу, лъэпкъым хуищIа IуэхуфIхэри уахътыншэу дунейм къытенэнущ.

# КъэхъукъащIэ гущIыхьэ

Машинэ зэжьэхэуэныгъэм зи Iыхьлы хэкIуэда, фэбжь хэзыха унагъуэхэм я гущIыхьэмрэ нэщхъеягъуэмрэ зэрадигуэшыр жиIащ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

«Ставрополь крайм, Предгорнэ районым хыхьэ Пятигорскэ жылагъуэм и Iэхэлъахэм щызэжьэхэуащ хьэлъэзешэ машинэрэ цIыху къезышэкI транспортрэ. Абы кърикIуэу, нэрыбги 7 хэкIуэдащ, 4-м фэбжь хахащ.

Зэжьэхэуэныгъэм хэкIуэдахэм я унагъуэхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ, крайм и губернатор Владимиров Владимир а нэщхъеягъуэр ядызогуэш. Фэбжь хэзыхахэм я узыншагъэр зэфIэувэжыну дащогугъ», — телеграм каналым щитхащ Темрезов Рэшид.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Фэеплъ

**ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ хуэгъэза Илъэсыр и зэрызэхуащIыжым, ипкъ иту, Жьакуэ курыт еджапIэм егъэджакIуэ лэжьыгъэм гуащIэшхуэ хуэзыгъэтIылъа Хъупсырокъуэ Хъызыр теухуа фэеплъ пшыхь щекIуэкIащ.**

# «ЯщымыгъупщэхукIэ — цIыхур псэущ»





Хъызыр илъэс 50-м нэс щылэжьащ мы еджапIэм. ИкIи, илъэси 5-кIэ узэIэбэкIыжмэ дунейм ехыжа цIыху щыпкъэр абы иригъэджахэм, къыдэлэжьахэм, и ныбжьэгъухэм ноби ягу ихукъым. Абы и щыхьэту, 1997 гъэм мы еджапIэм къыщIигъэкIа, Хъызыр иригъэджа БакIуу Аслъэнрэ Бахътыр БетIалрэ я жэрдэмкIэ фэеплъ пшыхь зэхашащ. Абыхэм саугъэт фондри къызэIуахри, Хъупсырокъуэ Хъызыр теухуауэ гъэ къэс есэпымкIэ КВН ирагъэкIуэкIыну унафэ къахьащ.

Пшыхьым къеблэгъащ Хъупсырокъуэм и Iыхьлыхэр, къыдалъхуахэр, ныбжьэгъухэр, иригъэджахэр. Хъызыр теухуа гукъэкIыж гуапэхэмкIэ зэдэгуэшащ ныбжьэгъухэр, зэман зэхуэмыдэхэм дэлэжьахэр.

— «Ди Хизир Мухамедович» — иджыр къыздэсым аращ дызэреджэр ди лэжьэгъуфIу щыта, ди унэтIакIуэ, егъэджакIуэ щыпкъэ Хъупсырокъуэ Хъызыр. Илъэс щэ ныкъуэм нэс гуащIэ зыхуигъэтIылъа IэщIагъэм къыпэкIуащ мин бжыгъэм щIигъуу игъэса, иригъэджа еджакIуэхэр. Абыхэм Хъызыр ящыгъупщэкъым. ЕгъэджакIуэ нэсым и фэеплъыр яхъумэну къыдэкIуэтей щIэблэми, — къыхигъэщащ курыт еджапIэм и унафэщI Хъубий Салимэ къыщыпсалъэм.

Хъупсырокъуэ Хъызыр щIышылэм (январым) и 2-м Жьакуэ къуажэм къыщыхъуащ. Къэрэшей-Черкес къэрал университетым и физико-есэп факультетыр къиухащ. Ищхьэ щIэныгъэ зэрызригъэгъуэтуи, езыр здыщеджа еджапIэм егъэджакIуэу къигъэзэжащ. ЗэрыжытIауэ, илъэс 50-кIэ хуэлэжьащ къыхиха IэнатIэм — есэп щIэныгъэр щIэблэм бгъэдэлъхьэным.

Хъызыр сабийхэм фIыуэ ялъагъут. Езыми абыхэм яхуиIэ фIылъагъуныгъэм, бгъэдэлъ егъэджэныгъэ IэпщIэлъапщIагъым, жэуаплыгъэ лъагэм къыпэкIуащ и еджакIуэхэмрэ и лэжьэгъухэмрэ иджырэ къыздэсым къыхуащI пщIэ лъапIэр.

Сабийхэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа, щапхъэ зытрах егъэджакIуэ Хъупсырокъуэм и дерсхэр щIэщыгъуэу къызэригъэпэщт, дэтхэнэми къэхутэныгъэ щIыкIэу бгъэдыхьэт. Апхуэдэуи къызэрагъэпэщащ пшыхь гукъэкIыжхэм пызыща сабийхэм я есэп зэпеуэр — КВН-р.

Гугъуагъ-псынщIагъ елъытакIэрэ, Iыхьэ-Iыхьэу гуэшауэ щыта зэпеуэм хэлэжьыхьащ еджапIэм и е 5-11-нэ классхэм щеджэхэр. Жыджэрагъ къагъэлъагъуэу бжэнымкIэ, зэхэх-зэхэлъхьэнымкIэ, гупсысэ жанкIэ зэпеуа сабийхэм есэп щIэныгъэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр наIуэ къащIащ.

Зэпеуэр къэзыпщытэжа жюрим текIуэныгъэр хуагъэфэщащ есэпыр нэхъыфIу зыгъэшэрыуа ныбжьыщIэхэм. Бахътыр БетIалрэ БакIуу Аслъэнрэ саугъэтхэмрэ фIыщIэ тхылъхэмрэ абыхэм хуагъэфэщащ.

«ЯщымыгъупщэжыхукIэ, цIыхур псэущ» жеIэ псалъэжьым. Хъупсырокъуэ Хъызыр и фэеплъыр зэрахъумэм къыдэкIуэу, мыхьэнэшхуэ иIэщ апхуэдэ цIыху щыпкъэм и гъащIэ щапхъэм къуажэдэс ныбжьыщIэхэр зэрыщIапIыкIым. Ар гъэсэныгъэм и пщалъэ нэхъ лъагэщ.

**ХЬЭТАЙ Мадинэ**

ЩIыуэпс гъуэз







@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ, жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ, отделхэм я редактору: ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БЕМЫРЗЭ Зураб, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2737-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къызытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ, дежурнэ редактор ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня, операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ